

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa hal penting pikeun kahirupan manusa. Basa dipaké pikeun ngébréhkeun hiji hal. Loba kagiatan manusa nu merlukeun basa sangkan maksud jeung tujuana bisa dipikaharti ku manusa séjén. Hal éta disababkeun basa mangrupa pakakas ucap pikeun manusa dina komunikasi anu salasahijina mibanda karakter anu arbitrér, maksudna hubungan antara lambang sora jeung acuanana henteu logis jeung sakarep panyaturna (Sudaryat, 2004:7).

Salian ti éta basa téh sajalan jeung hirup kumbuhna masarakat anu maké éta basa. Beuki maju kahirupan masarakat beuki loba ogé basa nu aya. Hal éta dilantarankeun basa mangrupa unsur budaya anu dinamis, anu tuluy mekar saluyu jeung kamekaran jaman anu karandapan ku manusa.

Jaman globalisasi saperti ayeuna loba hal anu kapangaruhan ku jaman, kaasup kamekaran basa. Salah sahiji pangaruh tina mekarna jaman keuna kana basa Sunda. Mémang teu bisa diduga deui réa kecap-kecap deungeun nu asup ka urang méré pangaruh positif jeung negatif. Pangaruh positif diantarana bisa ngeuyeuban jeung ngajembaran kandaga kecap dina basa Sunda. Hiji basa nu aya di sakuliah dunya moal tumuwuh saupama euweuh pangaruh ti basa séjén, patali jeung hal éta Sudaryat (2003:44) nétélakeun “Hirup huripna beunghar miskinna

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

hiji basa gumantung kana daék atawa henteuna narima basa kosta pikeun ngajembaran banda basana sorangan. Basa mana waé nu nolak asupna basadeungeun kana gudang basana éta basa téh bakal tetep malarat moal hirup nurutkeun jaman, manéhna bakal tinggaleun ku baturna sarta lila-lila mah paéh dina kamalaratan.

Éta pangaruh téh saterusna diolah nurutkeun kapribadian urang Sunda, dipaké geusan mekarkeun budaya sorangan ti mimiti galura agraris, téhnologi, nepi ka inpormatika. Salian ti éta ayana kontak basa nu tumuwuh dina masarakat nu bisa narima anggota ti masarakat séjén. Ku kituna bisa muncul peristiwa kabasaan saperti alih kode, campur kode jeung interferensi tumuwuh di masarakat.

Dina campur kode panyatur ngagunakeun dua basa dina hiji komunikasi jeung sasamana. Aslinda jeung Syafyahya (2007: 87) nétélakeun yén campur kode téh nya éta:

“Campur kode terjadi apabila seorang penutur bahasa, misalnya bahasa Indonesia memasukkan unsur-unsur bahasa daerahnya ke dalam pembicaraan bahasa Indonesia. Dengan kata lain, seseorang yang berbicara dengan kode utama bahasa Indonesia yang memiliki fungsi keotonomiannya, sedangkan kode bahasa daerah yang terlibat dalam kode utama merupakan serpihan-serpihan saja tanpa fungsi atau keotonomian sebagai sebuah kode”.

Jaman kiwari geus teu bisa dipungkiri sagala aspék kahirupan némbongkeun parobahan. Hal éta téh balukar tina majuna jeung mekarna élmu pangaweruh jeung téhnologi utamana dina widang komunikasi jeung inpormasi.

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

Dina hal komunikasi réana informasi nu katangkep jeung kaserep ku masarakat boh sacara langsung boh ngaliwatan média nyaéta média citak jeung média éléktronik. Salah sahiji pakakas komunikasi nu dipikawanoh jeung geus teu bireuk deui nyaéta radio. Sakabéh alam marcapada ieu, sahenteuna keuna ku sinyal éléktromagnétik nu dijomanatarakeun ku kurang leuwih 35 rébu stasiun radio.

Di Indonesia, utamana di Tatar Sunda, pangaruh radio leubeut pisan ku acara nu patalina jeung kasundaan. Ieu katangen tina jumlah radio nu nyadiakeun pidangan husus patali jeung kabudayaan lokal nu tampolana dicirian ku digunakeunana basa Sunda minangka basa panganteurna. Tapi teu saeutik ogé stasion radio nu maké basa Indonesia sarta ayana campur kode dina éta pidangan.

Dina éta pidangan loba ngabahas ngeunaan kahirupan sapopoé anu dipatalikeun jeung urang Sunda. Tangtuna ieu hal penting pikeun siswa-siswi SMP ngeunaan pangaweruh ogé basa Sunda dina siaran radio. Ku kituna, ieu panalungtikan boga udagan pikeun nyadiakeun bahan ajar ngaregepkeun di SMP.

Dumasar kana kanyataan, majuna jaman téh tangtu managaruhan kana kamekaran basa. Kaasup basa Sunda nu loba kapangaruhan ku basa Indonesia, sok biasa disebut kamalayan. Komo deui dina siaran radio anu can tangtu kabéh pamiarsana urang Sunda. Éta hal nimbulkeun fénoména campur kode, contona ébréh dina kalimah ieu di handap.

1) Menurut pendapat saya mah, mending geura digawéan éta tugas téh.

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

2) Jangan ke situ, bisi tiseureuleu

Aya sawatara panalungtikan ngeunaan campur kode dina wangun skripsi, contona skripsi meunang Supartini (2003) anu judulna “Tilikan Morfologis Campur Kode Sunda-Indonesia dina Pagelaran Banyolan Longser di STV Bandung (Edisi Januari)”, jeung Karsim (2010) dina skripsi anu judulna “Campur Kode Basa Jawa kana Basa Sunda di Wewengkon Tangkolo Desa Tegalurung Kecamatan Cilamaya Kulon Kabupaten Karawang”. Lamun niténan panalungtikan campur kode nu aya, panalungtikan basa lisan anu sumberna siaran radio sarta dijadikeun bahan ajar ngaregepkeun di SMP can kungsi aya.

Nilik kana kaayaan yén dina basa lisan remen kapanggih campur kode lantaran aya pangaruh tina basa séjén sarta kabiasaan panyatur ngalibetkeun campur kode dina omonganana. Ku kituna, perlu ngayakeun panalungtikan anu leuwih jero kalawan judulna “Campur Kode dina Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun di SMP”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ieu pedaran teu lega teuing, ku kituna ieu panalungtikan perlu diwatesanan nya éta ngan saukur maluruh campur kode dina siaran radio Tarsan I-Radio Bandung unggal poé Salasa tabuh 08.00-09.00 édisi bulan Maret 2012. Ieu

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

panalungtikan campur kode téh diwatesanana ngan medar ngeunaan inténsitas, wujud, jeung wanda campur kode katut bahan ajar ngaregepkeun di SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Wujud campur kode naon waé anu kapanggih dina siaran radio Tarsan I-Radio Bandung édisi bulan Maret 2012?
- b. Wanda campur kode naon waé anu kapanggih dina siaran radio Tarsan I-Radio Bandung édisi bulan Maret 2012?
- c. Kumaha campur kode dina siaran Tarsan lamun dijadikeun bahan ajar ngaregepkeun di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta maluruh campur kode nu kapanggih dina siaran Tarsan I-radio 105,1 FM Bandung édisi Maret 2012.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikan:

- a. Wujud campur kode basa Sunda kana basa Indonesia dina siaran Tarsan I-radio Bandung;

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

- b. Wanda campur kode basa Sunda kana basa Indonesia dina siaran Tarsan I-radio Bandung;
- c. Bahan ajar ngaregepkeun di SMP dumasar kana hasil campur kode dina siaran Tarsan I-radio Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

- a) Mikanyaho kaayaan campur kode nu lumangsung di masarakat Sunda.
- b) Nambahan pangaweruh basa pikeun nu diajar basa Sunda.
- c) Nambahan pangaweruh ngeunaan kasundaan dina siaran radio.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a) Pikeun panalungtik leuwih paham kana masalah campur kode.
- b) Pikeun panalungtik, bisa paham kana aspék-aspék anu mangaruhan campur kode.
- c) Pikeun pangajaran, ulikan bisa dipaké bahan ajar ngaregepkeun di SMP.

1.5 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan ayana salah tapsir ti nu maca, ku kituna judul ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangenan operasional ieu di handap:

- a. Campur kode nya éta makéna unsur basa dina hiji omongan dimana antara unsur kahiji jeung séjénna silih pangaruhan sacara konsistén.

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

Nu dimaksud campur kode dina ieu panalungtikan nya éta makéna dua unsur basa nya éta basa Sunda jeung basa Indonesia dina paguneman siaran radio.

- b. Basa Sunda nya éta basa indung urang Sunda anu dipaké kénéh ku masarakatna.

Anu dimaksud basa Sunda dina ieu panalungtikan nya éta basa kahiji dipaké dina paguneman siaran radio.

- c. Basa Indonesia nya éta basa resmi kanagaraan sarta mangrupa basa Nasional bangsa Indonesia.

- d. Tarsan nya éta salah sahiji program siaran radio unggal poé salasa tabuh 08.00-09.00 WIB nu biasa dipidangkeun dina I-radio 105,1 FM Bandung.

- e. Bahan ajar nya éta bahan campur kode nu dipaké pikeun ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar ngaregepkeun.

1.6 Sistematika Nulis

Sistematika nulis ieu skripsi kabagi jadi lima nya éta:

BAB I : Kasang Tukang Masalah, Watesan jeung rumusan Masalah, Tujuan panalungtikan, Mangpaat Panalungtikan, Wangenan Operasional, jeung Sistematika Nulis

BAB II : Kajian Tiori

BAB III : Metodologi Panalungtikan

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

BAB IV : Déskripsi jeung Analisis Data Campur Kode dina siaran Tarsan

BAB V : Kacindekan jeung Saran



Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu